Кие дун кканиги ,кие щваниги,
Дир пикру дир хьулал цох1о маг1арухъ.

Гьал муг1рузда кирго ц1орорал иццал,
Гьаниб борхалъуда х1анч1азул ч1ич1ий.
Гьаб ракьалда гьава ц1акъго бац1ц1адаб,
Гьаб росулъ хараби г1акълу-ях1 т1ок1ал.

Дир халкъалде рокьи ,росдаде рокьи,
Ват1аналде рокьи,ракьалде рокьи.
Бищунго рорхатал муг1рузде рокьи ,
Даим т1аг1инаро жеги ц1ик1к1ина.

Тархо мег1ералъул т1огьийги яхун,
Рак1–рак1алъ абила-поэтас г1адин.
Дир мац1 ,дир ракь,Ват1ан хвезе батани,
Хваги дун жакъаго жаниб рак1 кьвагьун.